

## BAB V PANUTUP

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) saran tina hasil panalungtikan kana rumpaka kawih Sunda anu jejerana kadaharan. Anapon dadaranana bisa katitén dina pedaran ieu di handap.

### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi anu geus dipedar dina bab saméméhna, bisa dituluykeun kana nyieun kacindekan pikeun panalungtikan kana rumpaka kawih Sunda anu jejerana kadaharan. Anapon kacindekan ieu panalungtikan bisa katitén dina pedaran di handap.

Rumpaka kawih Sunda nu dianalisis nyaéta tina 26 kawih ngan 20 kawih anu dipedar. Di antarana 1) “Borondong Garing”, 2) “Colénak”, 3) “Dagang Kacang”, 4) “Dodol Picnic Garut”, 5) “És Lilin”, 6) “Goréng Dagé”, 7) “Goréng Pisang”, 8) “Kacang Asin”, 9) “Karédok Leunca”, 10) “Oncom Gondrong”, 11) ”Peuteuy Ngora”, 12) ”Peuyeum Bandung”, 13) ”Roti Bakar”, 14) “Rujak Cuka”, 15) “Seblak Cinta”, 16) “Surabi Haneut”, 17) ”Tahu Cibuntu” ku Darso, 18) “Tahu Sumedang” ku Jafunisun Band, 19) “Tauco Cianjur”, jeung 20) “Wajit Cililin” ku Masyuning.

Dumasar hasil panalungtikan rumpaka kawih Sunda anu jejerana kadaharan dumasar eusina, kapanggih aya kawih anu nyaritakeun ngeunaan 1) wilayah; 2) rasa; 3) bahan; 4) rupa; 5) cara ngolah; 6) cara dahar; 7) cara dagang; 8) harga; jeung 9) konsumén. Sacara umum, dina ieu rumpaka kawih téh loba anu nyaritakeun ngeunaan rasa nu karasa nalika ngarasaan hiji kadaharan.

Rumpaka kawih Sunda anu jejerana kadaharan ditilik tina wangunna nyaéta dina wangun sajak. Di jerona diwangun ku sababaraha unsur anu ngawengku struktur puisi (imaji, musikalitas (wirahma jeung purwakanti), suasana, téma, jeung gaya basa). Panalungtikan ngeunaan struktur rumpaka kawih Sunda anu jejerana ngeunaan kadaharan satuluyna nambahan pangaweruh ngeunaan eusi tina rumpaka kawih Sunda anu jejerana kadaharan Ku kituna anu dipaké pikeun nganalisis strukturna nyaéta *ISIM* (imaji, simbol, musikalitas) jeung *STG* (suasana, téma, gaya basa) (Mustappa, 2014, kc. 36).

Imaji anu nyampak dina rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan, ngawengku imaji panempo (*visual*), imaji pangdengé (*auditory*), imaji rasa (*taktil*), imaji pangrasa, imaji panyabak, sarta imaji pangambeu. Sacara umum, imaji anu panglobana aya dina ieu rumpaka téh imaji rasa (*taktil*) jeung imaji pangrasa. Ampir tina tiap rumpaka aya imaji rasa (*taktil*) jeung imaji pangrasa, hal ieu téh lantaran rumpaka anu diciptakeun ku para pangarang lolobana mangrupa hasil pangalaman ngaapresiasi maké indera pangrasa jeung perasaan nu tuluy diwujudkeun kana lagu.

Musikalitas atawa wirahma dina rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan téh genaheun saupama ditembangkeun, lantaran kecap-kecapna murwakanti. Sabada dianalisis, katitén rumpaka anu kapanggih lobana dina wangun sisindiran, sabagian rumpaka aya dina wangun paparikan jeung rarakitan. Ari purwakanti anu kapanggih diantarana purwakanti pangluyu, maduswara, cakraswara, mindoan kawit, laraswekas, mindoan wekas, larasmadya, jeung margaluyu.

Dina ieu panalungtikan suasana anu loba kapanggih nyaéta suasana bungah jeung reueus, lantaran loba kawih anu nyaritakeun rasa kabungah sarta kareueusna kana produk kadaharan lokal anu geus kakoncara kamana-mana.

Gaya basa raket patalina jeung karya sastra, salasahijina nyaéta digunakeun dina rumpaka kawih. Ku ayana gaya basa bisa nimbulkeun daya tarik pikeun anu ngaregepkeun. Gaya basa anu nyampak dina rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan diantarana ngawengku (1) gaya basa ngumpamakeun (*simile*), gaya basa lalandian (*métapora*), gaya basa mijalma (*personifikasi*), gaya basa ngasor (*litotes*), gaya basa raguman (*sinekdoke*), gaya basa rarahulan (*hiperbola*), gaya basa kadalon (*pleonasmu*), jeung gaya basa kahanan (*épitét*). Anu loba kapanggih dina rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan. Gaya basa kahanan (*épitét*) jeung gaya basa rarahulan (*hiperbola*).

Semiotik mangrupa salasahiji cabang élmu anu aya hubunganana jeung tanda, contona ngabahas ngeunaan sistem tanda jeung prosés dina makéna tanda. Unsur semiotik anu kapaluruh dina ieu panalungtikan rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan ngawengku ikon aya 57, indéks aya 61, jeung simbol aya 34. Jadi tanda semiotik anu loba kapanggih dina rumpaka kawih Sunda anu jejerna

kadaharan nyaéta indéks anu mangrupa pananda nu berasosiasi jeung petandana . Dina kawih anu judulna “Tahu Sumedang” dina kode RSKS/19/3/11 “*ti peuting nepi ka hayam kongkorongok*”. *Kongkorongok* mangrupa indéks tina sora. Maksud *kongkorongok* dina ieu rumpaka nyaéta tahu Sumedang najan ditunda ti peuting nepi ka isuk-isuk nu ditandaan ku sora kongkorongok hayam, rasana bakal angger ngeunah.

Hasil analisis ngeunaan rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan téh bisa dilarapkeun jadi bahan pangajaran dina matéri ngaregepkeun kawih di SMP kelas VIII, sabab hasil analisis anu dipedar bisa ditulis jadi pangajaran matéri kawih anu geus nyampak dina kurikulum di tingkat SMP/Mts. Rumpaka kawih anu dipaké jadi bahan pangajaran nyaéta rumpaka kawih “Peyeum Bandung”. Ku ayana hasil panalungtikan rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan, bisa nambahan pangaweruh anu leuwih euyeub pikeun siswa ngeunaan pangajaran kawih. Sarta bisa jadi pieunteungeun pikeun siswa anu antukna bisa ngaronjatkeun minat siswa sangkan leuwih resep diajar basa Sunda sarta ngawangun karakter siswa anu leuwih luhung deui.

Tina hasil pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén hasil panalungtikan rumpaka kawih kadaharan anu jejerna kadaharan bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra dina matéri ngaregepkeun kawih di SMP/Mts. Sabab dina rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan bisa nambah pangaweruh siswa ngeunaan rupa-rupa kadaharan tradisional has Sunda, lain saukur nyaho ngaranna hungkul tapi bisa nyaho kumaha rupana, cara nyieunna, bahanna, cara dagangna, sarta konsuménna.

## 5.2 Implikasi

Kawih mangrupa salasihiji karya sastra hasil kréativitas manusa, anu mekarna, tumuwuhna, jeung sumebarna ngaliwatan media lisan. Fungsi kawih téh pikeun hiburan, ngungkabkeun rasa, ngawanohkeun jeung ngajéntrékeun hiji hal. Lian ti éta, basa anu dipaké kacida éndahna tur euyeub ku ma’na jeung ngandung unsur kapuitisan anu dibarengan ku wirahma. Dina kawih tangtu aya rumpaka. Rumpaka mangrupa hal anu kalintang pentingna, lantaran dina rumpaka, bisa kaébréhkeun eusi lagu ngaliwatan basa. Neuleuman eusi rumpaka ngaliwatan haleuang tangtu leuwih ni’mat tur bisa jadi salasihiji cara pikeun ngawanohkeun

kawih. Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh struktur, semiotik, sarta ngarancang bahan pangajaran aprésiasi sastra tina hasil panalungtikan pikeun matéri ngaregepkeun kawih di SMP/MTs.

Udagan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun medar jeung ngadéskripsikeun karya sastra, hususna rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan dumasar kana analisis struktur sajak anu ngawengku struktur lahir (imaji sarta musikalitas atawa wirahma jeung purwakanti) jeung struktur batin (suasana, téma, jeung gaya basa), sarta unsur semiotik anu ngawengku ikon, indéks jeung simbol. Salian ti éta, dipiharep bisa jadi tarékah dina ngeuyeuban kajian sastra Sunda jeung nambahan pangaweruh ngeunaan sastra. Ari pikeun dunya atikan, kawih téh mangrupa salasahiji matéri nu kudu diajarkeun lantaran nyampak dina kurikulum di tingkat SMP/Mts, silabus jeung rencana pelaksanaan pembelajaran. Ku kituna, ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikan bahan pangajaran sastra dina matéri kawih di sakola.

### 5.3 Rékoméndasi

- 1) Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan ”Ulikan Struktural jeung Semiotik Rumpaka Kawih Sunda anu Jejerna Kadaharan pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP”, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun ku lisan anu perlu tuluy dimekarkeun, sangkan para nonoman-nonoman Sunda bisa wanoh sarta resep kana kasenian daérah, sangkan leuwih reueus kana kabudayaan Sunda, sarta supaya kasenian daérah henteu kalindih ku kamekaran jaman;
- 2) Ieu panalungtikan rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan bisa jadi bahan pangajaran aprésiasi sastra dina matéri kawih di sakola;
- 3) Kawih Sunda anu jejerna kadaharan anu rumpakana dina wangun sisindiran bisa dijadikeun salasahiji pikeun ngeuyeuban bahan ajar; jeung
- 4) Kawih Sunda anu jejerna kadaharan masih loba anu can kapaluruh eusi jeung maksudna, ku kituna kudu aya panalungtikan satuluyna anu nalungtik ngeunaan kawih Sunda anu jejerna kadaharan atawa kawih anu jejerna di saluareun panalungtikan ayeuna.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan dipiharep aya tarékah ti sakumna masarakat Sunda pikeun ngamumulé jeung reueus kana basa, sastra, jeung budaya Sunda sangkan henteu leungit, kudu bisa tuluy dipikawanoh ti generasi ka generasi satuluyna,